

Kesyon Vòt

Kesyon Vòt #1: Ajoute yon Deklarasyon sou Valè pou Gide Administrasyon an

Pwopozisyon sa a ta dwe amande Manman Lwa Vil New York (New York City Charter) la pou:

Ajoute yon prefas, k ap yon deklarasyon entwodiksyon sou valè ak vizyon aspirasyon pou “yon vil jis e ekitab pou tout” rezidan New York yo; epi

Mete nan prefas la yon deklarasyon ke Vil la dwe fè efò pou rezoud “mal ki pase e k ap kontinye sa yo epi pou rekonstwi, revize e reimajine fondasyon, estrikti, enstitisyon ak lwa nou yo pou ankouraje jistis ak ekite pou tout rezidan New York yo.”

Prefas la vize gide administrasyon Vil la nan akonplisman devwa li yo.

Èske pwopozisyon sa a dwe adopte?

Kesyon Vòt #2: Etabli yon Biwo, Plan ak Komisyon Ekite Rasyal

Pwopozisyon sa pral amande Manman Lwa Vil la pou :

Egzije Plan Ekite Rasyal pou tout vil la ak ajans espesifik chak de (2) zan. Plan an pral gen ladan estrateji ak objektif pou amelyore ekite rasyal epi redwi oswa elimine inegalite rasyal yo;

Etabli yon Biwo Ekite Rasyal (Office of Racial Equity) epi nonmen yon Ofisyè Ekite anchèf (Chief Equity Officer) pou fè pwogrese ekite rasyal epi kowòdone pwosesis planifikasyon ekite rasyal vil la. Biwo an pral sipòte ajans vil yo nan amelyore aksè nan sèvis ak pwogram vil la pou moun ak kominote sa yo ki te afekte de fason negatif pa politik oswa aksyon anvan yo, epi kolekte epi rapòte done ki gen rapò ak ekite; epi

Etabli yon Komisyon sou Ekite Rasyal (Commission on Racial Equity), ki nonmen pa ofisyèl ki eli nan Vil la. Lè yo fè nominasyon nan Komisyon sa a, ofisyèl eli yo ta dwe konsidere moun ki nonmen ki reprezante oswa ki gen eksperyans nan defann yon seri kominote divès. Komisyon an pral idantifye ak pwopoze priyorite pou enfòmè pwosesis planifikasyon ekite rasyal la epi revize ajans ak Plan Ekite rasyal nan tout vil la.

Èske pwopozisyon sa a dwe adopte?

Kesyon Vòt #3: Mezire Vrè Pri Lavi an

Pwopozisyon sa a pral amande Manman Lwa Vil la pou:

Egzije pou Vil la kreye yon mezi pou “vrè pri lavi an” pou suiv konbyen sa koute toutbon nan Vil New York pou satisfè bezwen esansyèl yo, tankou paregzanp lojman, manje, gadri, transpò, ak lòt depans ki nesèsè, epi san konsidere asistans ni piblik, ni prive, ni enfòmèl, pou jwenn enfòmasyon k ap ede nan desizyon sou pwogram ak politik yo; epi

Egzije pou administrasyon Vil la fè rapò chak ane sou mezi “vrè pri lavi an”.

Èske yo dwe adopte pwopozisyon sa a?